

# KIJAN POU FÈ DEMANN KONJE PEYE POU FANMI

pou pran swen yon manm fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav



Konje Peye  
pou Fanmi



## ANVAN OU FÈ DEMANN POU KONJE PEYE POU FANMI

- Verifye kondisyon kalifikasyon yo. Gade nan pwochen paj la oswa ale sou [PaidFamilyLeave.ny.gov/eligibility](http://PaidFamilyLeave.ny.gov/eligibility)
- Planifye konje ou. Ou kapab pran konje a yon sèl fwa oswa detanzantan, men, ou dwe pran li nan tranch yon (1) jounen konplè.
- Fè enstitisyon w ap travay ladan I lan konn sa omwen **30 jou** alavans, si ou prevwa sa a, oswa kou sa posib.

## RANPLI FÒM OU YO EPI ATACHE DOKIMAN OBLIGATWA YO

- Ranpli fòm Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1).**

Nòt: Fòm sa a genyen seksyon ou menm ansanm ak enstitisyon ki anplwaye w la dwe ranpli.

  - Ranpli seksyon w la, fè yon kopi, epi bay responsab enstitisyon travay ou a fòm lan pou ranpli **Pati B**.
  - Enstitisyon travay ou a oblige retounen **Fòm PFL-1** an ba w nan twa jou ouvrab. Si gen yon reta, ou pa bezwen tann pou kontinye. Voye **Fòmilè PFL-1** ou te ranpli a, ansanm ak rès pake demann ou an, dirèkteman bay konpayi asirans enstitisyontravay ou a.
- Ranpli Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante Pèsonèl Dapre Lwa sou Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-3).**

Manm fanmi w lan (benefisyè swen an) ap ranpli **Fòm PFL-3** a epi li ap soumèt fòm nan bay pwofesyonèl swen sante yo pou I konsève nan dosye yo.

Fòm sa a otorize yon pwofesyonèl swen sante pou I divilge enfòmasyon konsènan kondisyon sante grav manm fanmi w lan ba ou menm ansanm ak konpayi asirans enstitisyon travay ou a.

Pa voye fòm sa a bay konpayi asirans la.
- Ranpli Sètifikasiyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Manm Fanmi ki Soufri Maladi Grav la (Fòm PFL-4).**

Nòt: Fòm sa a genyen seksyon ou menm ansanm ak pwofesyonèl swen sante a dwe ranpli.

  - Ranpli seksyon w la, fè yon kopi, epi bay pwofesyonèl swen sante fanmi w lan li pou ranpli.
  - Mande pwofesyonèl swen sante a ranpli pati pa li nan fòm nan epi voye I tounen ba w san pèdi tan.

## SOUMÈT LI BAY KONPAYI ASIRANS ENSTITISYON TRAVAY OU A

<input type="checkbox"/> <b>Ou dwe soumèt dosye demann ou ranpli a bay konpayi asirans enstitisyon travay ou an nan espas <u>30 jou</u> apre ou fin kòmanse konje ou a pou ou pa pèdi avantaj ou yo.</b>  <b>Kenbe yon kopi tout fòm ak dokiman yo pou dosye ou yo.</b>	<p>Fakse oswa voye <b>Fòm PFL-1</b> an ak <b>Fòm PFL-4</b> an pa lapòs bay konpayi asirans enstitisyon travay ou a.</p> <p>Pou konnen ki konpayi asirans enstitisyon travay ou a genyen, ou kapab:</p> <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Gade nan afich Konje Peye pou Fanmi ki nan espas travay ou a.</li><li>▪ Mande responsab enstitisyon travay ou a.</li><li>▪ Gade li gras ak aplikasyon rechèch sou kouvèti asirans enstitisyon w ap travay ladan I lan sou <a href="http://wcb.ny.gov">wcb.ny.gov</a>.</li></ul> <p>Si ou pa ka jwenn konpayi asirans enstitisyon w ap travay ladan lan, rele Liy Asistans Konje Peye pou Fanmi a (Paid Family Leave Helpline) pou jwenn asistans: <b>(844) 337-6303</b></p> <p>Liy Asistans PFL la disponib sòti lendi rive vandredi, 8:30 a.m. jiska 4:30 p.m.</p> <p>Tanpri PA soumèt pake demann ou a bay Komisyon Konpansasyon Travayè Eta New York la.</p>
--	--

Se responsabilite PA W pou w soumèt fòm yo bay konpayi asirans lan. Se pa responsabilite enstitisyon travay ou a.



## Bagay ki enpòtan pou konnen

- Nan pifò ka, konpayi asirans lan dwe peye oswa refize bay avantaj yo nan espas **18 jou** apre li fin resevwa demann ou fin ranpli a oswa nan premye jou konje ou a, kèlkeswa sa ki pi resan an. Yo pa ka konsidere demann ou an pa konplè sèlman paske enstitisyon travay ou an pa t ranpli **Pati B** nan **Fòm PFL-1** nan yon espas **twa jou ouvrab**.
- Si konpayi asirans lan refize oswa pa peye avantaj ou yo alè, oswa si w gen nenpòt lòt litij ki gen rapò ak reklamasyon, ou kapab mande pou yo revize mezi konpayi asirans lan pran yo. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou [nyspfla.namadr.com](http://nyspfla.namadr.com).
- Yon Jij pou Lwa sou Komisyon Konpansasyon Travayè yo ap pral rezoud plent konsènan diskriminasyon oswa vanjans responsab enstitisyon travay la apre yon odyans. Si w kwè responsab enstitisyon travay ou a fè diskriminasyon oswa vanjans kont ou paske w pran oswa mande Konje Peye pou Fanmi, ale sou [PaidFamilyLeave.ny.gov/protections](http://PaidFamilyLeave.ny.gov/protections) oswa kontakte **(844) 337-6303**.



## Kalifikasyon

- Pifò anplwaye ki travay pou enstitisyon travay prive nan Eta New York yo gen pwoteksyon lwa sou Konje Peye pou Fanmi a.
- Anplwaye a plen tan yo:** Si ou gen yon orè travay ki se 20 èdtan oswa plis chak semèn, ou kalifye apre 26 semèn youn apre lòt ou fin fè ap travay pou enstitisyon travay ou an.
- Anplwaye a tan pasyèl:** Si ou gen yon orè travay ki mwens pase 20 èdtan chak semèn, ou kalifye apre ou fin fè 175 jou ap travay pou enstitisyon travay ou an, epi ou pa bezwen fè jou yo youn apre lòt.
- Anplwaye publik ki pa reprezante yo kapab benefisyé kouvèti si enstitisyon travay yo a te chwazi volontèman pou l bay avantaj la. Anplwaye publik ki reprezante nan sendika yo kapab benefisyé kouvèti si avantaj la se yon rezulta negosasyon kolektif.
- Sitwayènte ak/oswa estati imigrasyon pa yon faktè nan kalifikasyon anplwaye yo.
- Si ou kwè ou elijib, ou ka aplike pou Konje Peye pou Fanmi epi konpayi asirans lan ap pran yon desizyon.
- Si w gen kesyon sou règ elijiblite yo, rele **Liy Asistans PFL** la nan **(844) 337-6303** (Lendi rive Vandredi, 8:30 a.m. a 4:30 p.m.).

## MANM FANMI W OU KAPAB PRAN SWEN YO:

Konjwen/konkiben
Pitit/Bofis oswa Bèlf
Paran/boparan/paran pa alyans
Granparan
Pitit pitit
Frè/Sè (Nouvo pou ane 2023 la!) Verifye ak konpayi asirans enstitisyon travay ou a pou konn detay sou kilè sa ap antre anvige pou politik yo a.

## LÈ NOU DI SWEN SA KAPAB GEN LADAN L PWOSEDI POU BAY:

Swen fizik ki nesesè
Sipò emosyonèl
Vizit
Asistans nan tretman
Transpò
Èd nan aranjman pou chanjman nan swen
Asistans nan aktivite esansyèl chak jou
Sèvis èd pèsonèl

**Pa blyie: Se responsabilite PA W pou w soumet fòm yo bay konpayi asirans lan. Se pa responsabilite enstitisyon travay ou a.**

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [PaidFamilyLeave.ny.gov](http://PaidFamilyLeave.ny.gov) oswa rele nan **(844) 337-6303**.



**Konje Peye  
pou Fanmi**

# Demann Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1) Enstriksyon

- Pou mande Konje Peye pou Fanmi (PFL), anplwaye ki fè demann PFL la dwe ranpli Pati A nan *Demann pou Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-1)*. Tout seksyon ki sou fòm nan obligatwa sòf si yo di yo ochwa. Lè sa a, anplwaye a ap bay enstitisyon travay lan fòm nan pou l ranpli Pati B a.
- Enstitisyon travay lan ap ranpli Pati B a nan *Demann pou Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-1)* epi l ap retounen li bay anplwaye a nan twa (3) jou ouvrab.
- Gen lòt fòm ki obligatwa selon kalite konje yo mande a. Anplwaye ki mande konje yo responsab pou ranpli fòm sa yo.
- Anplwaye a soumèt Demann li ranpli pou Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-1) ansanm ak lòt fòm ki nesesè l ap bay konpayi asirans PFL enstitisyon travay li an ki mansyone nan Pati B *Demann pou Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-1)*. Anplwaye a ta dwe kenbe yon kopi nan chak fòm ki soumèt yo pou dosye pa l.**

## PATI A - ENFÒMASYON SOU ANPLWAYE A (pou anplwaye a ranpli)

Anplwaye k ap mande Konje Peye pou Fanmi an (PFL) dwe ranpli tout enfòmasyon yo mande yo.

### Demann PFL (anplwaye a dwe ranpli l)

**Kesyon 12:** Yo defini yon timoun antanke yon timoun byolojik, adopte, oswa yon timoun ki nan fwaye dakèy, yon bofis oswa bëlfì, yon minè legal, ptit yon moun ou plase avè l, oswa moun anplwaye a gen responsabilite legal pou okipe l antanke paran. Yo defini yon paran kòm yon paran byolojik, yon paran adoptif oswa yon paran nan fwaye dakèy, bòpè oswa bëlmè, yon responsab legal, oswa lòt moun ki te pran responsabilite legal pou okipe anplwaye a lè anplwaye a te yon timoun.

**Kesyon 13:** Si dat yo "pwolonje", anplwaye a dwe bay dat kòmansman ak dat konje PFL yo mande a fini. Dat sa yo ta dwe dat reyèl konje PFL la pral kòmanse epi fini. Si ou pa sèten, bay yon estimasyon dat li te kòmanse ak dat li te fini an epi ekri "Dat yo se yon estimasyon." Si dat yo "Peryodik," antre dat ou pral pran konje peye pou fanmi

an (PFL). Tanpri bay plis presizyon posib. Si w pa konnen dat yo oswa si yo se estimasyon, ekri "Dat yo se yon estimasyon." Si dat yo se yon estimasyon, konpayi asirans PFL la ka mande ou soumèt yon demann pou peman **apre** ou fin pran jou konje PFL la. Peman demann ki apwouye yo ap fèt kou sa posib, men sa p ap fèt si gen plis pase 18 jou ki pase apati dat demann lan ranpli a.

**Kesyon 14:** Si anplwaye a ap soumèt demann PFL la bay responsab enstitisyon travay li avèk yon preyavi ki mwens pase 30 jou parapò ak dat kòmansman PFL la, anplwaye a dwe eksplike poukisa li pa t ka bay preyavi 30 jou a. Si eksplikasyon an pa koresponn ak espas ki disponib sou fòm nan, antre "Gade attachman an" epi atache yon dokiman ki gen eksplikasyon an ladan l. Asire ou mete non konplè anplwaye a ak dat nesans li nan tèt attachman an.

### Enfòmasyon sou Travay (pou anplwaye a ranpli)

**Kesyon 16:** Antre dat antre nan travay la selon pi bon souvni anplwaye a. Si gen plis pase yon lane ki pase depi dat anplwaye a antre nan travay la, annik antre ane li te kòmanse travay la.

**Kesyon 18:** Antre, an mwayèn, pi bon estimasyon salè brit ki antre chak semèn. Mete sèlman salè anplwaye a touche nan men enstitisyon travay li ki afiche sou fòm demann sa a. **Salè brit chak semèn nan se salè total chak semèn - ki gen ladan l è siplemantè, tep, bonis ak komisyón - anvan enstitisyon travay la fè nenpòt dediksyon,** tankou taks federal ak nasyonal. Si enstitisyon travay lan pa kapab bay enfòmasyon sa yo, anplwaye a ka kalkile salè brit li chak semèn nan fason sa a:

**Etap 1:** Ajoute tout salè brit ou resevwa yo (anvan okenn dediksyon) pandan uit dènye semèn yo anvan Kòmansman PFL la, san wete lè siplemantè ak tep ou touche yo. (*Gade Etap 3 a pou jwenn enstriksyon pou kalkile bonis ak/oswa komisyón yo.*)

**Etap 2:** Divize salè brit ki kalkile nan premye etap la pa uit (oswa kantite semèn travay si li mwens pase uit) pou kalkile salè an mwayèn chak semèn nan.

**Etap 3:** Si anplwaye a te resevwa bonis ak/oswa

komisyón pandan 52 semèn anvan PFL la, ajoute yon fason pwopòsyonèl montan chak semèn sou salè mwayen chak semèn nan. Pou detèmine kantite pwopòsyonèl chak semèn, ajoute tout bonis/komisyón ou te touche sou 52 semèn anvan yo epi apre sa a divize l pa 52.

Egzanz yon kalkil salè brit chak semèn:

Semèn 1 - Salè brit gen ladan lè siplemantè	\$550
Semèn 2 - Salè brit	\$500
Semèn 3 - Salè brit	\$500
Semèn 4 - Salè brit	\$500
Semèn 5 - Salè brit	\$500
Semèn 6 - Salè brit	\$500
Semèn 7 - Salè brit la, san wete lè siplemantè yo	\$600
Semèn 8 - Salè brit la san wete lè siplemantè yo	+ \$550
Total =	\$4,200
Divize l pa 8	÷ 8

Salè Mwayèn chak Semèn = \$525

Bonis anplwaye a te touche nan 52 semèn anvan yo \$2,600  
Divize l pa 52  
÷ 52

Bonis pwopòsyonèl chak semèn = \$50

*Suit Fòm PFL-1 Enstriksyon an disponib nan pwochen paj la*

## PATI A - ENFÒMASYON SOU ANPLWAYE A (pou anplwaye a ranpli) - suit paj anvan an

<b>Fòm PFL-1 Enstriksyon, swit paj anvan an</b>	
Salè Mwayèn chak Semèn	\$525
Bonis pwopòsyonèl chak semèn	+ \$50
<b>Salè Mwayèn chak Semèn (san wete bonis) =</b>	<b>\$575</b>

Tanpri sonje tou enstitisyon travay lan oblige bay enfòmasyon sa yo nan Pati B *Demann pou Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-1)*.

**Nan moman fòm nan ap soumèt alavans lan:** Endike si anplwaye a soumèt demann PFL li a alavans. Nou defini soumisyon alavans kòm aksyon anplwaye a fè pou l soumèt demann lan alavans pa rapò ak yon evènman kalifye ki gen pou rive, ansanm ak kèk enfòmasyon nesesè ki manke poutèt pèsòn pa t konnen enfòmasyon yo nan moman soumisyon an. Si konpayi asirans lan pèmèt soumisyon alavans oswa si enstitisyon travay lan gen asirans endependan, yo dwe bay enfòmasyon ki manke yo

lè yo vin konnen yo. Pèsòn pa kapab detèmine avantaj yo jiskaske tout enfòmasyon ki nesesè yo disponib.

Konpayi asirans PFL la oswa enstitisyon travay ki gen asirans endependan a pral voye yon avi bay anplwaye a nan senk jou ki 1) endike demann lan an annatant; 2) idantifye ki enfòmasyon ki manke; 3) endike kijan pou soumèt enfòmasyon ki manke yo. **Yon fwa tout enfòmasyon yo disponib, konpayi asirans PFL la oswa enstitisyon travay ki gen asirans endependan an ap gen 18 jou pou peye oswa refize demann lan.**

Si konpayi asirans lan oswa enstitisyon travay ki gen asirans endependan an pa bay otorizasyon pou soumisyon alavans, konpayi asirans lan oswa enstitisyon travay ki gen asirans endependan an dwe retounen *Demann pou Konje Peye pou Fanmi a* bay anplwaye a nan senk jou pou eksplike demann nan ta dwe soumèt yon lòt fwa ankò lè tout enfòmasyon yo disponib.

**Anplwaye a siyen epi mete dat siyati a anvan li bay enstitisyon travay li a fòm sa a pou ranpli Pati B a.**

## PATI B - ENFÒMASYON SOU ENSTITISYON TRAVAY LA (pou enstitisyon travay lan ranpli)

### Enstitisyon travay anplwaye ki mande PFL la dwe ranpli tout enfòmasyon ki nan pati B yo.

**Kesyon 2:** Si yo itilize yon nimewo Sekirite Sosyal pou Nimewo idantifikasiyon federal enstitisyon travay la (FEIN), antre nimewo sekirite sosyal la.

**Kesyon 3:** Antre Kòd Klasifikasyon Endistriyèl Estanda enstitisyon travay lan (Standard Industrial Classification, SIC). Responsab enstitisyon travay yo ta dwe kontakte konpayi asirans yo a si yo pa konnen kòd SIC yo a.

**Kesyon 8:** Ou ka jwenn kòd pwofesyon anplwaye a nan: [www.bls.gov/soc/2018/major\\_groups.htm](http://www.bls.gov/soc/2018/major_groups.htm).

**Kesyon 9:** Antre salè anplwaye a touche pandan uit dènye semèn yo anvan dat kòmansman PFL la. Montan brit yo peye a se salè brit anplwaye a chak semèn, ki gen ladan l nenpòt lè siplemantè ak tep li touche pou semèn sa a, plis montan chak semèn ki pwopòsyonèl ak nenpòt bonis oswa komisyon li te resevwa pandan 52 semèn anvan yo. (Pou plis detay, gade Kesyon 18 ki kòmanse nan paj 1 nan enstriksyon yo.) Kalkile salè mwayèn brit chak semèn lè ou adisyone montan brit yo peye yo, epi lè ou divize total la pa uit (oswa kantite semèn travay si li mwens pase uit).

**Afimasyon anplwaye a elijib pou PFL:** Yon anplwaye ki travay regilyèman 20 èdtan oswa plis chak semèn dwe travay pou omwen 26 semèn youn dèyè lòt. Yon anplwaye ki travay regilyèman mwens pase 20 èdtan chak semèn dwe te travay 175 jou.

**Responsab enstitisyon travay lan siyen epi mete dat yo, epi annapre li retounen li bay anplwaye ki fè demann nan nan twa jou ouvrab.**

### Asire ou ranpli fòm PFL adisyonèl ki apwopriye a (yo) selon kalite konje yo mande a.

Avi Dapre Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive nan New York (Atik 6-A Lwa sou Fonksyonè Piblik) ak Lwa Federal sou Pwoteksyon Vi Prive 1974 (5 USC 552a).

Otorite ki nan Konsèy Pou Dedomajman Travayè yo (Konsèy la) gen pouwva pou mande anplwaye k ap bay enfòmasyon pèsònèl yo, san wete nimewo sekirite sosyal yo oswa nimewo idantifikasiyon kontribyab yo, baze sou otorite Konsèy administrasyon an genyen an amoni ak atik 142 nan Lwa sou Dedomajman Travayè yo. Nou rasanble enfòmasyon sa yo pou ede Konsèy la mennen ankèt sou demann yo epi trete yo pi rapid posib, epi ede li konsève dosye ki egzat. Se ou menm ki ap deside si ou vle bay Konsèy la nimewo sekirite sosyal ou a oswa Nimewo Idantifikasiyon Kontribyab ou a. Konsèy lan ap pwoteje konfidansyalite ki nan tout enfòmasyon pèsònèl li genyen yo, epi li ap pataje enfòmasyon sa yo sèlman nan objektif travay ofisyèl li, epi li ap fè sa selon lwa ki aplikab nan eta a ak lwa federal la.



# Konje Peye pou Fanmi

## Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1)

ENSTRIKSYON YO ANNDAN FÒM NAN

### PATI A - ENFÒMASYON SOU ANPLWAYE A (pou anplwaye a ranpli)

1. Non legal anplwaye a (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)

2. Lòt siyati, si genyen, anplwaye a te itilize yo pou travay

3. Adrès lapòs anplwaye a

Adrès kay

Vil, Eta

Kòd postal

Peyi (si se pa Etazini)

4. Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Identifikasyon  
Kontribyab pou Anplwaye a.

5. Dat nesans anplwaye a (MM/JJ/AAAA)

/        /

6. Nimewo telefòn prensipal anplwaye a

(        ) -

7. Adrès imèl prefere anplwaye a pandan li sou PFL (si disponib)

8. Sèks anplwaye a

G  F  X

9. Lang anplwaye a prefere

<input type="checkbox"/> English	<input type="checkbox"/> Español	<input type="checkbox"/> Русский	<input type="checkbox"/> Polski
<input type="checkbox"/> 中文	<input type="checkbox"/> Italiano	<input type="checkbox"/> Kreyòl ayisyen	<input type="checkbox"/> 한국어
<input type="checkbox"/> Lòt			

### Ochwa (pou rezon rechèch)

10. Ras/gwoup etnik anplwaye a

Pou rezon demografik medikal sèlman. (Gwoup kòd Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi Etazini an (CDC), vèsyon 1.0.)

Èske anplwaye a gen orijin Ispanik, Latino, oswa Panyòl? (Ou ka chwazi youn oswa plizyè kategori.)

- Meksiken
- Meksiken Ameriken
- Chikano
- Pòtoriken
- Dominiken
- Kiben
- Lòt orijin Ispanik, Latino/a, oswa Panyòl
- Pa gen orijin Ispanik, Latino/a, oswa Panyòl
- Pa konnen

Ki ras anplwaye a?

(Ou ka chwazi youn oswa plizyè kategori.)

- Endyen Ameriken oswa Natifnatal Alaska
- Moun Nwa oswa Ameriken Nwa
- Endyen Azyatik
- Chinwa
- Filipyen
- Japonè
- Koreyen
- Vyetnamyen
- Lòt Azyatik
- Blan
- Awayen Natifnatal
- Gwameyen oswa Chamowo
- Samowan
- Lòt Moun Zile Pasifik
- Lòt ras

### Demann Konje Peye pou Fanmi (PFL) (anplwaye a dwe ranpli !)

11. Rezon pou demann PFL:  Kontak ak timoun nan  Swen pou manm fanmi  Evènman ki kalife pou militè

12. Relasyon manm fanmi an ak anplwaye a:

Timoun  Konjen  Konkiben/konkibin  Paran  Paran pa alyans  Granparan  Pitit pitit  Frè/sè

Fòm PFL-1 (kontinye nan paj apre a)

## POU ANPLWAYE A RANPLI

Non anplwaye a (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)

Dat nesans anplwaye a (MM/JJ/AAAA)

/ /

## PATI A - ENFÒMASYON SOU ANPLWAYE A (pou anplwaye a ranpli) - suit paj anvan an

## Fòm PFL-1 - suit paj anvan an

## 13. Èske PFL la ap an pèmanans epi/oswa tanzantan?

<input type="checkbox"/> An pèmanans	Dat PFL la kòmanse (MM/JJ/AAAA)	/	Dat PFL la fini (MM/JJ/AAAA)	/	<input type="checkbox"/> Dat yo se yon estimasyon
<input type="checkbox"/> Tanzantan	Identife dat kote anplwaye a pral pran PFL la tanzantan:			<input type="checkbox"/> Dat yo se yon estimasyon	

## 14. Si ou ap bay responsab enstitisyon travay la preyavi a nan mwens pase 30 jou alavans, tanpri eksplike:

## Enfòmasyon sou Travay (pou anplwaye a ranpli)

## 15. Non Antrepriz la

16. Dat anplwaye a te anboche(MM/JJ/AAAA) / /

## 17. Kote anplwaye an ap travay la

Adrès kay		
Vil, Eta	Kòd postal	Peyi (si se pa Etazini)

18. Salè brit mwayer yon anplwaye **chak semèn** (Y ap mande ni anplwaye a ni enstitisyon travay lan done sa yo) \_\_\_\_\_

19. Nimewo telefòn responsab enstitisyon travay lan pou kontakte I konsènan demann sa a

( ) -

20a. Èske anplwaye a gen plis pase yon enstitisyon I ap travay ladan yo?  Wi  Non20b. Si wi, èske anplwaye a pran PFL nan lòt enstitisyon travay li a?  Wi  Non21. Èske kounye a anplwaye a resevwa avantaj salè ki pèdi nan dedomajman travayè yo?  Wi  Non

Deklarasyon divilgasyon: Yo pral bay enstitisyon travay lan enfòmasyon konsènan avantaj PFL anplwaye a resevwa, tankou peman li resevwa ak kalite konje I pran yo.

## Deklarasyon ak siyati

Nenpòt moun ki fè espre ak entansyon pou twonpe nenpòt konpayi asirans oswa lòt moun, ranpli yon aplikasyon pou asirans oswa deklarasyon ki gen rapò ak yon demann ranbousman ki gen nenpòt enfòmasyon ki fo tout bon vre, oswa ki kache nan lide pou twonpe moun, enfòmasyon konsènan tout sikostans ki enpòtan, ki komèt yon fwod nan dosye asirans, ki li menm se yon krim, epitou sa ka lakoz li peye yon amann sivil ki pa depase senk mil dola ansanm ak valè ki endike nan demann ranbousman an pou chak vyolasyon sa yo.

Mwen menm, pa mwayer dokiman sa a, mwen fè yon demann pou m resevwa Konje Familyal ki Peye an amoni ak Lwa sou Dedomajman Travayè yo nan NYS. Siyati mwen pwouve enfòmasyon m ap bay yo se verite epi yo egzat dapre tout sa mwen konnen epi kwè.

Siyati anplwaye a

Dat siyati a (MM/JJ/AAAA)

/ /

M ap soumèt fòm sa a davans (gade enstriksyon sou soumisyon alavans yo). Mwen konnen konpayi asirans la pral kontakte m pou I ban m konsèy sou fason pou m soumèt enfòmasyon nesesè ki manke yo.

## POU ANPLWAYE A RANPLI

Non anplwaye a (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)

Dat nesans anplwaye a (MM/JJ/AAAA)

/ /

## PATI B - ENFÒMASYON SOU ENSTITISYON TRAVAY LA (pou enstitisyon travay lan ranpli)

## 1. Non legal konplè ak adrès postal biznis la

Non biznis la

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd postal

Peyi (si se pa Etazini)

## 2. FEIN enstitisyon travay la -

## 3. Kòd Klasifikasyon Endistriyèl Estanda Enstitisyon Travay lan (Standard Industrial Classification, SIC).

## 4. Non kontak enstitisyon travay lan pou kesyón ki gen rapò ak PFL

## 5. Número telefòn kontak enstitisyon travay lan ( ) -

## 6. Adrès imèl kontak enstitisyon travay lan

## 7. Dat anplwaye a te anboche (MM/JJ/AAAA) / /

8. Pwofesyon anplwaye a Kòd yo disponib nan: [www.bls.gov/soc/2018/major\\_groups.htm](http://www.bls.gov/soc/2018/major_groups.htm) -

## 9. Antre 8 dènye semèn salè brit anplwaye a epi kalkile mwayèn salè brit la chak semèn.

Nimewo semèn nan	Dat fen semèn (MM/JJ/AAAA)	Kantite jou travay	Montan brit ki peye a
1			
2			
3			
4			
5			
6			
7			
8			
Mwayèn salè brit ki kalkile <b>chak semèn</b> nan:			

10. Si anplwaye a te resevwa oswa si li pral resevwa salè konplè li pandan li nan PFL la, èske enstitisyon travay lan ap mande ranbousman?  Wi  Non*Fòm PFL-1 (kontinye nan paj apre a)*

## POU ANPLWAYE A RANPLI

Non anplwaye a (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)

Dat nesans anplwaye a (MM/JJ/AAAA)

/ /

## PATI B - ENFÒMASYON SOU ENSTITISYON TRAVAY LA (pou enstitisyon travay an ranpli) - suit paj anvan an

## Fòm PFL-1 - suit paj anvan an

11a. Nan 52 semèn anvan yo, anplwaye a te pran konje pou:  Andikap nan NYS  PFL  Ni Andikap ni PFL  Okenn

11b. Antre kantite total semèn ak jou anplwaye a pran pou Andikap ak PFL nan 52 dènye semèn yo:

<b>Andikap:</b>	Semèn	Tanpri bay dat presi pou Andikap la:
	Jou	

<b>PFL:</b>	Semèn	Tanpri bay dat presi pou PFL la:
	Jou	

12. Èske anplwaye a ap benefisyé Lwa sou Konje Familyal pou rezon Medikal (Family Medical Leave Act, FMLA) ansanm ak PFL?  Wi  Non

13. Non konpayi asirans PFL la ak adrès postal li

Non konpayi asirans PFL la

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd postal

Peyi (si se pa Etazini)

14. Nimewo telefòn konpayi asirans la ( ) -

15. Nimewo kontra PFL la \_\_\_\_\_

## Deklarasyon ak siyati

Mwen sètifye anplwaye a travay regilyèman 20 èdtan oswa plis chak semèn epi li te travay pandan omwen 26 semèn youn apre lòt OSWA anplwaye a travay regilyèman mwens pase 20 èdtan chak semèn epi li te travay pandan omwen 175 jou.

Nenpòt moun ki fè espre ak entansyon pou twonpe nenpòt konpayi asirans oswa lòt moun, ranpli yon aplikasyon pou asirans oswa deklarasyon ki gen rapò ak yon demann ranbousman ki gen nenpòt enfòmasyon ki fo tout bon vre, oswa ki kache nan lide pou twonpe moun, enfòmasyon konsènan tout sikostans ki enpòtan, ki komèt yon fwod nan dosye asirans, ki li menm se yon krim, epitou sa ka lakoz li peye yon amann sivil ki pa depase senk mil dola ansanm ak valè ki endike nan demann ranbousman an pou chak vyolasyon sa yo.

Mwen se moun ki otorize pou m siyen kòm responsab enstitisyon travay anplwaye k ap mande PFL la. Siyati mwen pwouve enfòmasyon m ap bay yo se verite epi yo egzat dapre tout sa mwen konnen epi kwè.

Siyati otorize responsab enstitisyon travay la

Dat siyati a (MM/JJ/AAAA)

/ /

Tit

# Ranpli Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante Pèsonèl Dapre Lwa sou Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-3).

- Si yon anplwaye ap mande Konje Peye pou Fanmi (PFL) pou pran swen yon manm fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav, moun k ap resevwa swen an oswa yon reprezantan otorize li dwe ranpli yon fòm *Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante Pèsonèl selon Lwa sou Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-3)* epi soumèt li bay pwofesyonèl swen sante li a, ansanm ak yon kopi *Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Manm Fanmi ki Gen Pwoblèm Sante Grav (Fòm PFL-4)*.
  - Divilgasyon *Enfòmasyon Pèsonèl sou Sante Dapre Lwa sou Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-3)* pèmèt pwofesyonèl swen sante a ranpli *Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Manm Fanmi ki Gen Pwoblèm Sante Grav la (Fòm PFL-4)* epi remèt li bay anplwaye k ap chèche avantaj PFL la.
  - Anvan l fin ranpli epi siyen fòm nan moun k ap resevwa swen an dwe li tout *Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante Pèsonèl Dapre Lwa sou Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-3)* nèt.
  - Anplwaye k ap fè demann PFL la ap soumèt ni *Demann Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-1)* ni *Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Manm Fanmi ki Soufri Maladi Grav la (Fòm PFL-4)* bay konpayi asirans enstitisyon travay li a, oswa bay responsab enstitisyon travay li a tou si enstitisyon travay an gen asirans endependan.
- SONJE:** Se pwofesyonèl swen sante a ki ap konsève fòm sa a. Anplwaye a ta dwe fè yon kopi pou dosye yo anvan li bay pwofesyonèl swen sante a li.

**Moun k ap resevwa swen an oswa reprezantan otorize a ap siyen epi mete dat siyati a.**

**Yo bay pwofesyonèl swen sante moun k ap benefisyé swen an fòm sa ansanm ak  
Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Manm Fanmi ki Soufri Maladi Grav la (Fòm PFL-4).**

## DIVILGASYON ENFÒMASYON PÈSONÈL SOU SANTE PWOFESYONÈL SWEN SANTE A FÈ POU YON MANM FANMI KI GEN YON PWOBLÈM SANTE GRAV (Se moun k ap resevwa swen an oswa reprezantan otorize li ep ki dwe ranpli li epi li dwe soumèt li bay pwofesyonèl swen sante moun k ap resevwa swen an ansanm avèk Fòm PFL-4 la)

Anplwaye a ap antre non li, ak non moun k ap resevwa swen an (pasyan) ansanm ak dat nesans yo nan tèt chak paj.

Non konpayi asirans PFL yo mande nan pati anlè fòm lan se menm konpayi asirans PFL yo idantifye nan *Demann Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-1)* nan Pati B liy 13 la.

**Moun k ap benefisyé swen an oswa reprezantan otorize I la dwe ranpli tout enfòmasyon aplikab yo mande yo.**

Si yon moun k ap resevwa swen pa kapab ranpli fòm sa a, yon reprezantan otorize dwe tache yon kopi dokimantasyon legal, tankou yon prokirasyon swen sante oswa yon pwokirasyon avoka, ki pèmèt reprezantan an siyen nan non moun k ap resevwa swen an. Pwofesyonèl swen sante a pral egzije dokiman otorizasyon sa a sof si reprezantan otorize a se yon paran ki siyen nan non yon timoun minè.

Avi Dapre Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive nan New York (Atik 6-A Lwa sou Fonksyonè Piblik) ak Lwa Federal sou Pwoteksyon Vi Prive 1974 (5 USC 552a).

Otorite ki nan Konsèy Pou Dedomajman Travayè yo (Konsèy la) gen pouwva pou mande anplwaye k ap bay enfòmasyon pèsonèl yo, san wete nimewo sekirite sosyal yo oswa nimewo idantifikasiyon kontribyab yo, baze sou otorite Konsèy administrasyon an genyen an amoni ak atik 142 nan Lwa sou Dedomajman Travayè yo. Nou rasanal enfòmasyon sa yo pou ede Konsèy la mennen ankèt sou demann yo epi trete yo pi rapid posib, epi ede li konsève dosye ki egzat. Se ou menm ki ap deside si ou vle bay Konsèy la nimewo sekirite sosyal ou a oswa Nimewo Idantifikasiyon Kontribyab ou a. Konsèy lan ap pwoteje konfidansyalite ki nan tout enfòmasyon pèsonèl li genyen yo, epi li ap pataje enfòmasyon sa yo sèlman nan objektif travay ofisyèl li, epi li ap fè sa selon lwa ki aplikab nan eta a ak lwa federal la.



# Konje Peye pou Fanmi

Demann pou Konje Peye pou Fanmi  
Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante Pèsonèl  
Dapre Lwa sou Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-3)

ENSTRIKSYON YO ANNDAN FÒM NAN

## POU ANPLWAYE A RANPLI

**Non anplwaye a** (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)

Non benefisyè swen an (pasyan an) (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati) **Dat nesans benefisyè swen an (pasyan an)** (MM/JJ/AAAA)

/ /

**DIVILGASYON ENFÒMASYON PÈSONÈL SOU SANTE PWOFESYONÈL SWEN SANTE A FÈ POU YON MANM FANMI KI GEN YON PWOBLÈM SANTE GRAV** (Se moun k ap resevwa swen an oswa reprezantan otorize li ep ki dwe ranpli li epi li dwe soumèt li bay pwofesyonèl swen sante moun k ap resevwa swen an ansanm avèk Fòm PFL-4 la)

Non benefisyè swen an (pasyan an)

**Mwen menm,** \_\_\_\_\_, mwen otorize pwofesyonèl swen sante mwen yo mete non I nan fòm sa a pou I divilge enfòmasyon pèonèl sou sante mwen bay

Non anplwaye a

ansanm ak konpayi asirans enstitisyon travay li a

Non konpayi asirans PFL la

**Dosye ki kapab pataje:** Fòm sa a bay pwofesyonèl swen sante ki gen non I endike a pèmisyon pou I mete enfòmasyon ki soti nan dosye swen sante w yo sou sètifica medikal ki atache a. Fòm sa a bay pwofesyonèl swen sante w la pèmisyon pou I divilge sèlman enfòmasyon ki nan dosye swen sante w yo ki gen rapò ak kondisyon w ap soufri kounye a, ki se sijè demann anplwaye a pou avantaj Konje Peye pou Fanmi yo.

**Dire Divilgasyon Ki ka Anile a:** Otorizasyon sa a ap fini apre yon lane, oswa lè ou anile divilgasyon an. Ou kapab anile divilgasyon sa a nenpòt ki lè. Pou w anile, voye yon lèt bay pwofesyonèl swen sante yo mete non I nan fòm sa.

Fòm sa a PA pèmèt pwofeyonèl swen sante w la divilge kalite enfòmasyon sa yo, sof si espesyalman ou ta otorize divilgasyon sa a. Mete yon "X" toupre nenpòt enfòmasyon pwofeyonèl swen sante w la KAPAB divilge:

Enfòmasyon sou VIH/SIDA  Enfòmasyon sante mantal  Tretman konsomasyon alkòl/dwòg  Nòt sikoterapi yo

## Pwofesyonèl Swen Sante an (moun k ap resevwa swen an oswa reprezantan otorize a dwe ranpli I)

Identifiez pwofesyonèl swen sante ki ap ba ou tretman aktyèlman la a pou yon kondisyon ki gen pou wè ak demann anplwaye a fè pou avantaj PFL yo.

### 1. Non pwofesyonèl swen sante a

### 2. Adrès lapòs pwofesyonèl swen sante a

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd postal

Peyi (si se pa Etazini)

### 3. Nimewo Telefòn pwofesyonèl swen sante a (bay kòd peyi oswa kòd rejonal la)

Fòm PFL-3 kontinye nan paj apre an

## POU ANPLWAYE A RANPLI

**Non anplwaye a** (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)Non benefisyè swen an (pasyan an) (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati) **Dat nesans benefisyè swen an (pasyan an)** (MM/JJ/AAAA)

/ /

**DIVILGASYON ENFÒMASYON PÈSONÈL SOU SANTE PWOFESYONÈL SWEN SANTE A FÈ POU YON MANM FANMI KI GEN YON PWOBLEM SANTE GRAV** (Se moun k ap resevwa swen an oswa reprezantan otorize li ep ki dwe ranpli li epi li dwe soumèt li bay pwofesyonèl swen sante moun k ap resevwa swen an ansanm avèk Fòm PFL-4 la) - suit paj anvan an

**Fòm PFL-3- suit paj anvan an**

**Enfòmasyon sou Moun k ap Resevwa Swen an** (moun k ap resevwa swen an oswa reprezantan otorize a dwe ranpli l)

**4. Adrès lapòs moun k ap resevwa swen an**

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd postal

Peyi (si se pa Etazini)

**5. Nimewo Sekirite Sosyal moun k ap resevwa swen an** - - -**6. Nimewo Telefòn moun k ap pran swen an** (bay kòd peyi oswa kòd reyjonal la)**LI EPI SIYEN PI BA A**

Mwen menm, nan dokiman sa a mwen fè dmeann pou pwofesyonèl swen sante non I site a bay anplwaye yo idantife nan fòm PFL-4 la yon Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Manm Fanmi ki Soufri Maladi Grav (Fòm PFL-4). Mwen konprann enfòmasyon sa yo gen ladan yo yon dyagnostik ak pronostik sou kondisyon mwen gen aktyèlman la a, dat li te kòmanse a, ak tout estimasyon sou kantite swen mwen bezwen jwenn nan men anplwaye ki fè demann avantaj PFL ki fèt an rezon kondisyon mwen soufri nan moman an.

Siyati moun k ap resevwa swen an

Dat siyati a (MM/JJ/AAAA)

/ /

**Reprezantan Otorize**

Non ak Lèt Detache

**Mwen menm,** \_\_\_\_\_, **mwen reprezante moun k ap resevwa swen an nan dosye sa a jan yo otorize sa a atravè:**

Dwa parantal    Pwokirasyon avoka (atache kopi)    Òdonans tribunal (atache kopi)    Pwokirasyon swen sante (atache kopi)

Siyati Reprezantan Otorize

Dat siyati a (MM/JJ/AAAA)

/ /

**Anplwaye a dwe konsève yon kopi pou rejis pa li.**

# Enstriksyon sou Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Manm Fanmi ki Soufri Maladi Grav la (Fòm PFL-4)

Anplwaye k ap fè demann PFL la pou swen yon manm fanmi ki ap soufri yon maldi grav dwe soumèt Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Manm Fanmi ki Soufri Maladi Grav la (Fòm PFL-4) ansanm ak Demann Konje Peye pou Fanmi a (Fòm PFL-1).

## Anplwaye:

- Anplwaye a ap mete non konplè li, dat nesans li, lòt siyati, si tout fwa l te konn itilize lòt pou l travay anvan sa a, nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasiyon Kontribyab (TIN), ak adrès postal li ak non epi dat nesans moun k ap pran swen an (pasyan an) nan tèt anlè paj 1 an.
- Anplwaye a ap mete non ak dat nesans li, ansanm ak non epi dat nesans moun k ap resevwa swen an (pasyan) nan tèt paj 2 a.
- Anplwaye a ap bay pwofesyonèl swen sante a Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Manm Fanmi ki Soufri Maladi Grav (Fòm PFL-4) la.

**SÈTIKASYON PWOFESYONÈL SWEN SANTE POU SWEN MANM FANMI KI SOUFRI MALADI GRAV** (se pwofesyonèl swen sante a ki dwe ranpli l pou moun k ap resevwa swen an (pasyan an) epi l dwe retounen l bay anplwaye non l site pi wo a)

**Pwofesyonèl swen sante pasyan an dwe ranpli tout enfòmasyon ki aplikab yo mande yo sof si yo ta mete yo kòm enfòmasyon ki pa obligatwa.**

**Kesyon 2:** Li rekòmande pou bay kòd ICD-10 la.

Pwofesyonèl Swen Sante pasyan an dwe ranpli seksyon Enfòmasyon Pasyan an ak Pwofesyonèl Swen Sante ki gen anndan Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Manm Fanmi ki Soufri Maladi Grav la (Fòm PFL-4).

**Pwofesyonèl Swen Sante an siyen epi mete dat yo, epi annapre li retounen li bay anplwaye ki fè demann nan.**

**Si w kwè pasyan an viktim abi oswa neglijans anplwaye k ap mande PFL la te lakòz,  
ou kapab refize bay sètifikasi sa a.**

## Anplwaye:

- Lè pwofeysonèl swen sante a ba w fòm Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Manm Fanmi ki Soufri Maladi Grav (Fòm PFL-4) la lè l fin ranpli nèt, voye fòm ranpli yo ansanm ak dokiman prèv yo bay konpayi asirans lan.

Avi Dapre Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive nan New York (Atik 6-A Lwa sou Fonksyonè Piblik) ak Lwa Federal sou Pwoteksyon Vi Prive 1974 (5 USC 552a).

Otorite ki nan Konsèy Pou Dedomajman Travayè yo (Konsèy la) gen pouwva pou mande anplwaye k ap bay enfòmasyon pèsonèl yo, san wete nimewo sekirite sosyal yo oswa nimewo idantifikasiyon kontribyab yo, baze sou otorite Konsèy administrasyon an genyen an amoni ak atik 142 nan Lwa sou Dedomajman Travayè yo. Nou rasanble enfòmasyon sa yo pou ede Konsèy la mennen ankèt sou demann yo epi trete yo pi rapid posib, epi ede li konsève dosye ki egzat. Se ou menm ki ap deside si ou vle bay Konsèy la nimewo sekirite sosyal ou a oswa Nimewo Idantifikasiyon Kontribyab ou a. Konsèy lan ap pwoteje konfidansyalité ki nan tout enfòmasyon pèsonèl li genyen yo, epi li ap pataje enfòmasyon sa yo sèlman nan objektif travay ofisyèl li, epi li ap fè sa selon lwa ki aplikab nan eta a ak lwa federal la.



# Konje Peye pou Fanmi

Demann pou Konje Peye pou Fanmi  
Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Manm  
Fanmi ki Soufri Maladi Grav (Fòm PFL-4)

ENSTRIKSYON YO ANNDAN FÒM NAN

## POU ANPLWAYE A RANPLI

Non anplwaye a (Prenom, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)

Dat nesans anplwaye a (MM/JJ/AAAA)

/ /

Lòt siyati, si genyen, anplwaye a te itilize pou travay

Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Identifikasiyon  
Kontribyab (TIN) pou Anplwaye a

## Adrès lapòs anplwaye a

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd postal

Peyi (si se pa Etazini)

Non benefisyè swen an (pasyan an) (Prenom, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)

Dat nesans benefisyè swen an (pasyan an) (MM/JJ/MM/AAAA)

/ /

**SÈTIKASYON PWOFESYONÈL SWEN SANTE POU SWEN MANM FANMI KI SOUFRI MALADI GRAV** (se pwofesyonèl swen sante a ki dwe ranpli l pou moun k ap resevwa swen an (pasyan an) epi l dwe retounen l bay anplwaye non l site pi wo a)

## Enfòmasyon sou Benefisyè Swen an (Pasyan an) (pwofesyonèl swen sante a dwe ranpli)

### 1. Èske pasyan an gen bezwen swen nan men anplwaye k ap fè demann Konje Peye pou Fanmi (PFL) an?

Wi  Non (Si se non, sote ale nan "Enfòmasyon sou Pwofesyonèl Swen Sante a.")

Remak: Pou sa ki gen pou wè ak seksyon sa a, "bay swen" kapab siyifi swen fizik ki nesesè, sipò emosyonèl, vizit, asistans nan tretman, transpò, aranjman pou yon chanjman nan swen, asistans nan bagay esansyèl lavi chak jou, ak sèvis asistans pèsònèl.

### 2. Kòd ICD-10 prensipal la (pa obligatwa)

### 3. Dyagnostik

4. Dat kondisyon pasyan an kòmanse (MM/JJ/AAAA) / /

5. Premye jou pasyan an te bezwen pran swen an (MM/JJ/MM/AAAA) / /

6. Dat yo prevwa pasyan an p ap bezwen swen ankò (MM/JJ/MM/AAAA) / /

7. Estimasyon kantite jou chak semèn OSWA jou chak mwa pasyan an ap gen bezwen swen Jou/semèn OSWA  
Jou/mwa

## Enfòmasyon sou Moun k ap Resevwa Swen an (Pasyan an) (pwofesyonèl swen sante a dwe ranpli)

### 8. Non pwofesyonèl swen sante a

Fòm PFL-4 kontinye nan paj apre an

## POU ANPLWAYE A RANPLI

Non anplwaye a (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)

Dat nesans anplwaye a (MM/JJ/AAAA)

/ /

Non benefisyè swen an (pasyan an) (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati)

Dat nesans benefisyè swen an (pasyan an) (MM/JJ/MM/AAAA)

/ /

**SÈTIFIKASYON PWOFESYONÈL SWEN SANTE POU SWEN MANM FANMI KI SOUFRI MALADI GRAV** (se pwofesyonèl swen sante a ki dwe ranpli l pou moun k ap resevwa swen an (pasyan an) epi l dwe retounen l bay anplwaye non l site pi wo a) - suit paj anvan an*Fòm PFL-4 - suit paj anvan an***9. Kalite Pwofesyonèl Swen Sante an:**

- |   |   |  |
|---|---|--|
| <input type="checkbox"/> Doktè Medsin (MD):           | <input type="checkbox"/> Dantis (DDS/DDM)       | <input type="checkbox"/> Travayè sosyal lisansye (LMSW/LCSW) |
| <input type="checkbox"/> Doktè Osteyopati (DO)        | <input type="checkbox"/> Medsen Asistan (PA)    | <input type="checkbox"/> Lòt (presize)                       |
| <input type="checkbox"/> Doktè Medsin pou Pye (DPM)   | <input type="checkbox"/> Enfimyè Pratisyen (NP) |  |
| <input type="checkbox"/> Doktè Medsin Kiwopratik (DC) | <input type="checkbox"/> Sikològ ki gen Lisans  |  |

**10. Adrès lapòs pwofesyonèl swen sante a**

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd postal

Peyi (si se pa Etazini)

11. Nimewo Telefòn pwofesyonèl swen sante a (bay kòd peyi oswa kòd rejonal la) \_\_\_\_\_

12. Nimewo Faks pwofesyonèl swen sante a (bay kòd peyi oswa kòd rejonal la) \_\_\_\_\_

13. Adrès imèl pwofesyonèl swen sante a (si gen youn) \_\_\_\_\_

14. Eta oswa peyi (si se pa Etazini) kote pwofesyonèl swen sante gen lisans pou l pratike \_\_\_\_\_

15. Espesyalite \_\_\_\_\_

16. Nimewo lisans pwofesyonèl swen sante a \_\_\_\_\_

**Sètifikasyon ak Siyati**

Nenpòt moun ki fè espre ak entansyon pou twonpe nenpòt konpayi asirans oswa lòt moun, ranpli yon aplikasyon pou asirans oswa deklarasyon ki gen rapò ak yon demann ranbousman ki gen nenpòt enfòmasyon ki fo tout bon vre, oswa ki kache nan lide pou twonpe moun, enfòmasyon konsènan tout sikoranski enpòtan, ki komèt yon fwod nan dosye asirans, ki li menm se yon krim, epitou sa ka lakoz li peye yon amann sivil ki pa depase senk mil dola ansanm ak valè ki endike nan demann ranbousman an pou chak vyolasyon sa yo.

Siyati mwen an konfime enfòmasyon mwen bay nan fòm sa a baze sou evalyasyon pwofesyonèl mwen nan kad lisansye pratik mwen.

Siyati Pwofesyonèl Swen Sante a

Dat siyati a (MM/JJ/AAAA)

/ /